

**Ijambo ryashikirijwe n'umukuru w'abamisionari ba Africa mu Burundi, nyakubahwa Patiri Jean Bosco Ntihebuwayo, ku wa 8/12/2018, mugihé bahimbaza imka 150 batangujwe na Cardinal Charles Lavigerie ( 1868-2018), yahuriranye n'ishirwa bubahimbazwa( béatification) y'Abamisionari 4, hamwe n'iyatirwa mu busacerdoti bwa Silas Nsabimana muri paroisse Mbogora**

*Nyenicubahiro mwungere wa Diocèse Nkuru ya Gitega, Nyenicubahiro mwungere wa Diocèse yamuyinga ukaba urongoye inama y'abepiscopi gatolika mu Burundi, Nyenicubahiro mwungere wa Diocèse nkuru ya Bujumbura, Nyenicubahiro mwungere wa Diocèse Rutana, Nyenicubahiro mwungere wa Diocèse ya Ruyigi, Nyenicubahiro mwungere wa Diocèse Anglicane y'l Buhiga, Nyenicubahiro cegera c'umukuru w'inama nshingamateka; banyakubahwa bamisionari b'Africa namwebwe Babikira b'umugabekazi w'Africa, banyakubahwa basacerdoti n'abihebeye Imana mwese, nyakubahwa Bulamatari w'intara ya Mwaro, banyakubahwa batumire bahire mwese, banyakubahwa bakristu mwese ba paroisse Mbogora dusangiye iteka n'ibanga ry'ubukristu;*

**Tugire Kristu !!!**

1. Uyu musi ntusanzwe, ni umusizi Imana yatoye : tunezerwe duhimbarwe mitima yacu yigine umukama kuko Rugira vyose yatugiriye ivyiza vyinshi kandi n'ubu ikiriko. : yaraturemye, yaratuyoboye, aratwizera adutuma mu murima wiwe, imyaka 150 irarangije. N'umusizi udasanzwe rero mu buzima bwacu Abamisionari b'Africa kumwe n'Ababikira Mugabekazi w'Afrika. N'impundu kuri Africa, n'inzamba ku bana b'africa bose. Iyi yubile, n'ihimbazwa ry'umuco w'inkurunziza Imana iyoboza abayo. Sangwe sangwa yubile.
2. Muyi ino yubile, turashimira Imana tunakeza Cardinal Charles Lavigerie yakunze Africa n'Abayo akemera ko Imana imucako mukurokora Africa ubuja y'arimwo, twibuke ko kuribamwe, Afrika kari akarere k'utunyamaswa tutagira ubwonko n'ubwenge; Abana b'ayo bari bagizwe ibidandazwa : ce sont les méfaits de l'esclavage, 19eme Siècle, et aux années intérieures. ubu, turigina ka gatete k'isinapi, katewe mumwaka w'1868 kakaba kamyenye ivyamwa bitari bike : kavyaye ukwemere, kavyara ingo-nkristu, kibaruka abamisinari n'ababikira ba mugabekazi w'Africa benshi; 4 buri abo bamisionari, bashizwe mugitigiri c'abahimbazwa uyu musi. Izontwari zurukundo n'ukuri zitwiza ko urukundo tutagira imadini, ubwoko...Ruhuza bose mu Mana. « le sang des martyrs, semence pour l'Eglise ». Tertulier (umwe mubavyeyi bambere ba Eklesia).
3. Dushimirimana kuri Eklesia muri Africa no mu Burundi : imbuto y'inkurunziza yarakuze. Abakristu turi benshi cane, abapatiri benshi, ababihebeye Imana benshi abungere b'amadiocèse bose tubonangaha ni ivyamwa bidasanzwe ; ico n'ikimenyestso kidansanzwe c'ijambo ry Imana ryabibwe mwivu ryiza. Ariko rero ntitwijajare. Kuba turi abakristu benshi nivyiza ; iyi yubile n'aho iduha akanyamuneza kenshi, iranadukubita agashi : « Nta mwonga ubura isato iba idahizwe ». Turagabe ntituze tube abakristu b'imisi mikuru ? Canke bo ka rimi, canke bo kumakarata y'ibatisimu gusa. Iyi Yubilre ? n'iyo kwiyubura !!
4. Kuri twebwe Abamisionari b'Africa, hamwe n'Ababikira ba Mugabekazi w'Afrika, iyi Yubile idusaba kwiyubura : ntitube abamissionari bahindura gusa akarere

k'ubutumwa badahindutse mu mutima no mungendo : *que le changement des lieux d'apostolat ne soit pas seulement un départ géographique, mais qu'elle aille de paire avec la conversion du cœur à l'Evangile que nous portons et qui doit nous porter.* Kuri twe bwe Abarundi, yubile iturwirize guhagararira urukundo n'ukuri, tube intwari nk'abo bamartari bacu 4 binjinjwe mumugwi w'Abubahwa batweretse. Baranse guhemuka, papfir'ibanga. Natwe twame twibuka ko *Akagumye bagumako*. Duhagurukire inyigisho ikomeza ukwemera. Ntiduharure gusa imyaka yayubire, canke y'ibatisimu canke y'amabanga atandukanye twaronse ; twibazeriho duti : iyo mwaka twayimazemwiki mumaso y'lmana?

5. Iyi yubile ihamagariye Eklezi y'Uburundi kuba « Ekleziya-Misyonari » : cardinal Charles Lavigerie : *les missionnaires seront essentiellement des initiateurs, mais l'œuvre durable sera accomplie par les Africains, eux-mêmes devenus chrétiens et apôtres; Itumiriye urwaruka dutohoza neza ngo ntiruhube canke ruhubishwe : discernement vocationnel avant l'engagement dans la vie : mariage ou vie consacrée (cfr. synode Avec jeunes, Rome 2018).* Ukwo gutohoza neza mukuri mukwitonda no mugusenga, nivyo vyafashije uyu patiri mushasha Silas Nsabimana, gushikira iribanga. *Patiri Silas, Naho watiwe, urugendo ntiruheze, ruratanguye : wame wibuka ko iryobanga rizirana kurivanga n'ibindi bitaroranye ; uzoribungabungisha Ijambo ry Imana, urikomezwemwo n'igisabisho n'amaskramentu. No kubana n'abandi mubwitonzi no mukuri. Turagukeje kandi tuzomushikira ukwo dushoboye kwose.*
6. Iyi yubire ibaye *k'umunsi mukuru w'isamwa atagicumuro ry'Umuvyeyi wacu bikira Maria* ; umuvyeyi-murezi, n'umuremesha w'abatumwa, karorero na mirukiro y'abakristu. Abamisionari b'abfrika be n'Ababikira ba mugabekazi wafrica bamuragije iyo miryango yabo : tumukindire, adufashe gukunda, kwakira no kurangura ishaka ry 'Imana, (comme à cana). Abamisionari nabo, abihebey imana, eka twese atwize agacerere, ugusenga, n'ukugamburukana akanyamuneza n'ukwemera mu butumwa, naho tutoba dutegera neza ivyodusabwa.
7. Imbere yo gusozena, iri jambo, nsavye abamisionari n'ababikira mugabekazi wa Africa ko bokwegera imbere kugira turungike uyu musacerdoti mushasha mubutumwa muri Ethiopia. Tumuragije Bikira Maria, we yaragijjwe iyi miryango yacu, twifashishije uru rurimbo : « sanctas Maria ».
8. Dusozereye dusaba Imana idufashe kugendera iragi rya Cardinal Charles Lavigerie : dusonere kandi turwaniye agateka ka zina muntu, ukwari n'ahari hose. Tube abantu babushitse, kugira ngo dushobore kuba abakristu b'ukuri. Ubutungane n'amahoro bibe ingendo. Umwijima w'ububi : ubuzwi n'ubutazwi, ubuvugwa n'ubunyegezwa bituzwe. Dutsind'ubwoba ; iyi myaka 150 itwereka ko « *agati gatereretswe n'Imana kadahenurwa n'umuyaga* » : noha ibihuhusi vyoba vyinshi, tugume mu Mana, muvyo dukora vyose. Iyi yubile iduhe kwiyumva no kwiyubura, mu buntu no mu bukristu.

Muvyeyi Bikira Mariya, wasamwe atagicumuro, tube hafi ntidutirigane kw'Ishaka ry'imana.  
Murakoze

Père Jean Bosco Ntihebuwayo ,M.Afr.  
Supérieur Régional  
des Missionnaires d'Afrique au  
Burundi;

**Email** : jntihebuwayofr@yahoo.fr